

Kadurjanan Sajrone Cerbung Geger Nusabiru Anggitane Maryunani Purbaya

Ganestya Saraswati

Pendidikan Bahasa Daerah (Jawa), FBS, UNESA (ganestya_saraswati@yahoo.com)

Abstrak

Maryunani Purbaya sawijining pangripta sastra Jawa Modern kang reriptane akeh ngrembug gegambarane kadurjanan salah sawijine yaiku korupsi. Cerbung *Geger Nusabiru* iki uga nggambarake kadurjanan korupsi, lan uga tindak durjana liyane. Anane gegayutan antara karya sastra karo kanyatan kang dumadi, mula panliten iki nggunakake tinthingan Strukturalisme Genetik. Underane panliten yaiku: (1) kepriye aspek tematis sajrone cerbung GN?; (2) kepriye gegambarane kadurjanan sajrone cerbung GN?; (3) kepriye pamawase bebrayan agung ngenani kadurjanan sajrone kasunyatan sosial?; (4) kepriye pamawasing jagad ngenani kadurjanan sajrone cerbung GN?. Ancase panliten yaiku: (1) ngandharake aspek tematis sajrone cerbung GN; (2) ngandharake gegambarane kadurjanan sajrone cerbung GN; (3) ngandharake pamawase bebrayan agung ngenani kadurjanan sajrone kasunyatan sosial; (4) ngandharake pamawasing jagad ngenani kadurjanan sajrone cerbung GN.

Panliten sastra iki nggunakake metode *diskriptif kualitatif*. Sumber data cerbung GN anggitane Maryunani Purbaya, kapacak ing kalawarti Panyebar Semangat. Data panliten arupa tembung, ukara, wacana, lan solah bawane paraga sajrone cerbung GN. Data *ekstrinsik* kang gegayutan karo pamawase bebrayan agung sajrone kasunyatan sosial lan pamawasing jagad ngenani kadurjanan sajrone cerbung GN. Tata cara nglumpukake data yaiku metode pustaka lan wawancara. Instrumen kanggo nindakake panliten iki yaiku panliti dhewe. Tata cara pangolahe data nggunakake analisis isi kanthi tinthingan strukturalisme genetik.

Asile panliten kapisan aspek tematis sajrone cerbung GN, kapindho gegambarane kadurjanan sajrone cerbung GN yaiku nyogok, rajapati nalika kahanan eling lan ora eling, nyolong, dagang barang ilegal, rerebutan kalungguhan kanthi cara ngancem lan nyulik, korupsi, mrawasa, lan nylundhupake candhu. Katelu pamawase bebrayan agung kaperang dadi loro, pamawase pangripta yaiku kabeh bab kang dumadi sajrone cerbung-cerbunge Maryunani Purbaya minangka kaca benggala lan kritik marang kahanane kang dumadi ing negara iki nalika lan kabeh reriptane kawedhar kanthi nggunakake *imajinatife*. Pamawase bebrayan ngenani kadurjanan sajrone kasunyatan sosial, salah sawijining yaiku tindak kadurjanan korupsi, anane pawarta tumrap polahe para panguwasa yaiku nyolong kayu alas lan rerebutan kakuwasan kanthi cara nyogok, selaras karo kadurjanan korupsi kang dumadi ing jaman saiki. Kapapat pamawasing jagad ngenani kadurjanan sajrone cerbung GN kayata bebasan “*Sapa Salah Bakal Seleh*”, tegese sapa kang salah utawa luput wusanane bakal kalah. Kabeh paraga-paraga kang tumindak durjana sajrone cerbung GN iki wekasane kalah, saperangan ana kang nindakake tobat lan liyane ana kang nemahi patine.

A. PURWAKA

Sastra wujud tresnane manungsa marang awake dhewe, wong liya, *realitas* utawa kanyatan, angen-angene dhewe, lan marang Jagad Gumelar. Karya sastra mujudake gambaran refleksi kasunyatan minangka kaca benggala panguripane manungsa. Mawas lumantar pengalamane dhewe lan bebrayan, pangripta nyiptakake daya kreatifitase kang awujud karya sastra kasebut lumantar medhia basa nggunakake *imajinasine*. Wujud medhia basa terbitan swasta kang digunakake kanggo ngemot reriptan sastra awujud cerbung yaiku *Jaya Baya*, *Panyebar Semangat*, lan *Joko Lodhang*. Sajrone panliten iki ninthingi cerbung anggitane Maryunani Purbaya. Maryunani Purabaya kalebu pangripta kang *produktif* ing

taun 1960-an. Pangripta lair ing kutha Ponorogo iki nate dadi Dhosen Seni Rupa ing Universitas Negeri Surabaya nganti taun 1997. Cerbung-cerbung kang kasil karipta lan kapacak ing kalawarti yaiku *Geger Nusabiru*, *Lemah Wijiling Lelakon*, *Kadurakan Gedhong Telu*, *Ngluru Gempilane Katresnan*, *Alvin*, *Leledhang Ing Dalam Simpang*, *Sesulih Sulaman Kembang Parangmenang* lan *Renda-Renda Benang Sutra*. Sajrone panliten iki cerbung kang digunakake yaiku *Geger Nusabiru*.

Cerbung GN iki nyritakake kadurjanane para paragane kang mujudake tumindak durjana, awit paraga-paragane nggayuh kekarepane kanthi cara licik lan sabanjure nggawe cilaka marang paraga-paraga liyane.

Tumindak iki kalebu tumindake para panguwasa merdaya kalungguhane kanggo kapentingan pribadine dhewe. kabeh pepenginan kanthi cara licik mujudake pirang-pirang gegambarane kadurjanan, salah sawijine yaiku korupsi. Gegambarane kadurjanan sajrone cerbung *Geger Nusabiru* iki uga nyritakake babagan kadurjanan korupsi lan kadurjanan liyane kang saemper karo kasunyatan sosial.

Tujuwan sajrone panliten sastra iki yaiku ngandharake aspek tematis lan gegambarane kadurjanan sajrone cerbung GN, banjur pamawase bebrayan agung kaperang dadi loro yaiku pamawase pangripta ngenani kadurjanan nalika ngripta cerbung GN lan pamawase bebrayan ngenani kadurjanan sajrone kasunyatan sosial, lan pamawasing jagad ngenani kadurjanan sajrone cerbung GN.

Babagan cerita kang diceritakake sajrone cerbung kuwi kasuguhan ana maneka warna tema. Tema salah sawijining unsur *intrinsik* kang paling wigati sajrone karya sastra, awit tema dadi gagasaning cerita kang paling umum. Salah sawijine tema kang dadi punjering cerita cerbung GN sajrone panliten iki yaiku ngenani kadurjanan. Miturut *Ensiklopedia Kriminologie* saka andharane Vernon C Baruham lan Samuel B. Kutash (blogspot.com/2912/02/pengertian-kejatahan), kadurjanan sawijining tumindak kang nuduhake gejala-gejala utawa faktor kang banget yaiku manungsa kang ora bisa ngrekadaya kanggo nemtokake kahanan-kahanan tartamtu kang bisa maujud kanthi becik dening bebrayan ing sakiwa tengen.

Miturut Soekanto (1991:409-410) kang njalari anane tumindak durjana yaiku kahanan *ekonomi* kang lumayan kuwat bisa mujudake tumindak durjana. Golongan iki nganggep awake kebal saka ukum lan perangan ngendhalekake sosial liyane, amarga bab ngenani kakuwasan lan dhuwit kuwi kalebu kabutuhan kang utama. Saliyane iku, anane kalodhangan-kalodhangan kang maujud sajrone kahanan sosiale. Saka kalodhangan-kalodhangan kang ana kasebut mula bebrayan awit ora percaya marang nile lan norma-norma ukum kang ana (Soekanto, 1991:411).

Kanggo mangerteni gegambarane kadurjanan sajrone cerbung GN iki, ana saperangan bab kang kudu digatekake. Endraswara (2008:50) ngandharake yen mangerteni wujud karya sastra kuwi bisa kanthi cara ninthingi teks sastra iku dhewe. Unsur pamangune karya sastra ana rong perangan yaiku unsur *intrinsik* lan unsur *ekstrinsik*. Gegayutane antara unsur *intrinsik* lan *ekstrinsik* sajrone panliten sastra iki nggunakake tinthingan strukturalisme genetik. Strukturalisme sawijining paham ngenani unsur-unsur pamangune karya sastra, sajrone unsur kasebut nduweni sesambungan antara unsur siji karo unsur liyane nganti wutuh (Ratna,

2009:91). Karya sastra bisa dimangerteni cikal bakale lan kedadeyane kuwi saka landhesan struktur sosial tartamtu. Bab iki uga disengkuyung dening Goldman sajrone Endraswara (2008:56) menawa karya sastra kuwi luwih ditengenake asal-usule. Gegayutan tumrap asal-usul reriptan sastra mujudake tinthingan strukturalisme genetik.

Analisis unsur *intrinsik* sajrone panliten iki munjerake marang tema yaiku gambaran ngenani kadurjanan sajrone cerbung GN. Dene unsur *ekstrinsik* bakal digayutake karo pamawase bebrayan agung kang kaperang maneh dadi rong pamawas yaiku kapisan pamawase pangripta ngenani kadurjanan nalika ngripta cerbung GN, lan kapindho pamawase bebrayan ngenani kadurjanan sajrone kasunyatan sosial, banjur kang pungkasan yaiku pamawasing jagad ngenani kadurjanan sajrone cerbung GN.

Goldman (sajrone Endraswara, 2008:57) uga ngandharake menawa strukturalisme genetik kalebu panliten sastra kang nggayutake antarane struktur karya sastra karo struktur bebrayan, lumantar pamawasing jagad kang diandharake (Endraswara, 2008:57). Awit saka kuwi, Goldmann (sajrone Faruk, 1999:12) strukturalisme genetik mujudake maneka warna konsep, yaiku donyane manungsa sajrone bebrayan, subjek kolektif, lan pamawasing jagad.

Subjek kelompok kawangun saka kahanan kang ana sajrone kedadeyan sosial. Gegambarane kedadeyan sosial kuwi kaya dene pangowah-owahaning sajrone bidhang sosial, ekonomi, politik, lan budaya. Panliten sastra iki kanthi nggunakake tinthingan strukturalisme genetik iki luwih nengenake tumrap reriptan kultural kang agung, tegese sajrone karya-karya kasebut kinandhut karya-karya filsafat lan karya sastra agung kang asipat filosofis lan sosiologis (Faruk, 2012:160-161).

Panguripan sajrone bebrayan ora uwal saka perkara-perkara kang tuwuh uga dijalari saka pirang-pirang faktor. Perkara sosial yaiku perkara kang ngemu nilai-nilai sosial lan moral, bisa uga tumindak *imoral* yaiku tumindak kang nyebal saka ukum lan nduweni sipat ngrusak (Soekanto, 1991:397). Faktor-faktor kang njalari anane perkara sosial yaiku saka manungsa utawa kelompok sosial kang nduweni kakurangan-kakurangan sajrone awake, kaya dene faktor *ekonomis*, *biologis*, *biopsikologis*, lan kabudayan. Kayata gambaran kadurjanan, talak, nakale bocah, konflik rasial, lan kapercayan kalebu faktor kabudayan (Soekanto, 1991:401).

Miturut Ratna (2008:125-126) pamawasing jagad kalebu perkara kang mligi sajrone tinthingan strukturalisme genetik. Pamawasing jagad kuwi sawijining gambaran eling tumrap kelompok kang makili

kelas sosiale. Mula saka kuwi, karya sastra bisa dingerteni sosial lan dumadine (unsur genetik) mawas saka latar mburi sosial tartamtu. Sajrone panliten sastra iki kanthi nggunakake konsep pamawasing jagad kasebut bisa dingerteni lumantar pamawasing pangriptane. Pamawasing jagade pangripta sajrone panliten iki yaiku Maryunani Purbaya, bisa dingerteni saka gegambaran pamikire lumantar cerita-cerita kang diandharake sajrone cerita cerbung GN.

Landhesane teori nggunakake tintingan strukturalisme genetik saka andharane Goldmann (sajrone Faruk, 1999:12-16) yen strukturalisme genetik sawijining tinthingan kang ngrembug bab unsur *intrinsik* kang banjur digayutake karo kanyatan sajrone bebrayan kang nduweni konsep-konsep tartamtu kayata kasunyataning manungsa, *subjek* kelompok, *strukturasi*, lan pamawasing jagad. Goldmann (sajrone Faruk, 1991:17) uga ngandharake menawa konsep struktur kuwi asipat tematik. Struktur kang asipat tematik, yaiku panliten kang dipunjerake ing perangan temane. Sabanjure anane gegayutan antarane sastra lan kanyatan sosial, mula panliten iki kanthi nengene ing babagan pamawase pangripta lan bebrayan.

B. METODHE

Panliten sastra iki nggunakake metode *diskriptif kualitatif*. Sumber data cerbung GN anggitane Maryunani Purbaya, kapacak ing kalawarti Panyebar Semangat. Data panliten arupa tembung, ukara, wacana, lan solah bawane paraga sajrone cerbung GN. Data *ekstrinsik* kang gegayutan karo pamawase bebrayan agung sajrone kasunyatan sosial lan pamawasing jagad ngenani kadurjanan sajrone cerbung GN. Tata cara nglumpukake data yaiku metode pustaka lan wawancara. Instrumen kanggo nindakake panliten iki yaiku panliti dhewe. Tata cara pangolahe data nggunakake analisis isi kanthi tinthingan strukturalisme genetik.

Tata cara analisis data sing ditindakake sajrone panliten iki yaiku: 1) mangerteni isi cerbung, cara iki wis bisa nuduhake bab kang paling anja sajrone cerbung kajupuk salah sawijining unsur kang kaanggep cundhuk karo kajian kang digawe sajrone panliten, 2) nganalisis data, cara iki minangka kasil saka data kang wis diklumpukake kang uga cundhuk karo landhesan teori kang digunakake yaiku tinthingan strukturalisme genetic, 3) njlentrehake asil analisis, cara iki bisa ditemtokake saka underane panliten kang wis ana, yaiku: 1) njlentrehake aspek tematis sajrone cerbung *Geger Nusabiru* anggitane Maryunani Purbaya, 2) Njlentrehake gegambarane kadurjanan sajrone cerbung *Geger Nusabiru* anggitane Maryunani Purbaya, 3) njlentrehake pamawase bebrayan agung ngenani kadurjanan sajrone

kasunyatan sosial, 4) njlentrehake pamawasing jagad ngenani kadurjanan sajrone cerbung *Geger Nusabiru* anggitane Maryunani Purbaya

C. ANDHARAN

4.1 Aspek Tematis Sajrone Cerbung GN anggitane Maryunani Purbaya

Aspek tematis iki ngandharake maneka werna gegambarane kadurjanan sajrone ringkesaning cerbung GN anggitane Maryunani Purbaya. panjlentrehane aspek tematis kasusun kanthi runtut awit wujud kadurjanan siji klawan kadurjanan sabanjure.

4.2 Gegambarane kadurjanan sajrone cerbung GN anggitane Maryunani Purbaya

Gegambarane kadurjanan sajrone cerbung GN iki ana maneka werna, bakal kaandharake ing ngisor kanthi gamblang.

4.2.1 Nyogok (suap)

Tembung nyogok (suap) iki ana sambung rapete karo bab dhuwit, yaiku nyogok utawa nyuap nganggo dhuwit (Poerwadarminta, 1985:958). Sajrone cerbung, paraga Kemlungkung kalebu panguwasa anyar ing tlatah Karangputih sisih wetan. Dheweke sugih lan dadi panguwasa, mula saben mungkasi perkarane nggunakake dhuwit. Kanggo njebol wadhuk banyu ing tlatah Karangputih, dheweke nggunakake dhuwit minangka pirantine saperlu narik kawigatene wong liya amrih gelem nglakoni apa kang dadi prentahe. Andharan kasebut bisa dideleng kanthi gegambarane pethikan analitik. Bisa diwawas pethikan ngisor iki kang gegayutan karo rerangken kedadeyan latar panggonan:

“Kejaba cap naga sing ilate cawang pitu.

Ana layang iku diterangake, yen sing nyekel layang iku bakal entuk bebana satus ewu ringgit, samangsa wis kasil njebol wadhuk banyu Karangputih.” (GN No 22-1 Juni 1985, kaca 24)

Pethikan kasebut bisa ditegesi, yen Isi layang tumuju marang prentahe Kemlungkung kanggo njebol wadhuk Karangputih. Katrangan ngenani dhuwit iku sawijining cara licik kang digunakake dening Kemlungkung kanggo narik kawigatene wong sing gelem nglakoni marang prentahe, wong kang ngemban prentah saka dheweke iki kalebu wong-wongane saka Gerombolan Nagalangu.

4.2.2 Rajapati

Kadurjanan rajapati ing kene kaperang dadi loro yaiku rajapati nalika kahanan eling lan rajapati nalika kahanan ora eling.

4.2.2.1 Rajapati nalika kahanan eling

Rajapati nalika kahanan eling iki tegese ora ana samubarang utawa pangaribawa liya kang njalari patine pawongan liya. Kanthi sadhar iku kalebu tumindak kang kelakon kanthi nalar, akal, lan pangrasa kang isih waras. Kaya kang dumadi sajrone cerbung GN iki, nalika kuwi Lurah Tunggono butuh katrangan kang cetha kanggo ndhudhah sapa sejatine dhalang saka rusake waduk banyu ing Karangputih, nanging durung tutug anggone mangsuli dumadakan salah siji saka pawongan telu mau nemoni pati, bebarengan karo tumekane gerombolan Nagalangu. Andharan kasebut bisa dideleng kanthi gegambaran pethikan analitik. Bisa diwawas pethikan ngisor iki kang gegayutan karo rerangken kedadeyan paraga:

“Nggih! Nggih! Kula sumerep! Namine Kem.....!”durung entek tembung wong iku wis kedhisikan plesate bandhil wesi sing natap sirah. Wong gundhul iku kepeksa njrebabah ilang nyawane, sadurunge lambe keburu mingkem.” (GN No 22-1 Juni 1985, kaca 24)

Pethikan mau bisa dingerteni, yen patine salah sawijinig wong saka pawongan telu kasebut bebarengan karo tumujune gerombolan Nagalangu. Iki mbuktekake, menawa gerombolan Nagalangu ngrekadaya ngilangi tilase amrih ora dingerteni dening Tunggono. Awit ngrusak wadhuk banyu ing Karangputih kuwi saka prentahe Kemlungkung, kanthi tujuwan kepingin oleh kalungguhan kang luwih murakabi minangka paguwasane tlatah Karangputih.

4.2.2.2 Rajapati Nalika Kahanan Ora Eling

Rajapati kanthi ora eling bisa maujud jalaran kena pangaribawa saka samubarang liya. Samubarang kasebut uga bisa njalari pawongan kuwi owah pikir lan pangrasane. Kaya kang dumadi sajrone cerbung GN. Pangaribawa saka njaba yaiku faktor kang maujud sawise ngombe omben-omben kaya dene tuwak, bir, lan omben liyane kang mangribawani dheweje dhewe tumuju bab kag ora pener. Kuping Dawir lan sakancane kabeh padha mabuk, pikirane wis ora jangkep kaya lumrahe. Andharan kasebut bisa dideleng kanthi gamblang marang gegambaran pethikan dramatik. Bisa diwawas pethikan ngisor iki kang gegayutan karo rerangken kedadeyan pamaragan:

“Aja mrongga-mranggu lur! Iki dolanan sing becik! ora angger uwong entuk kabegjan kaya awakmu! Nek ora percaya, iki dak tambahi maneh sakampil! Wis gek ndang ombenen!” pandheseg si Kuping Dawir kang ngububi” (PS. No. 23-8 Juni 1985, kaca 21)

Pethikan kasebut bisa ditegesi menawa Kuping Dawir seneng mabukan. Bukti dheweke sawise ngombe tuwak utawa bir, banjur paclathon ora kaya wong waras lumrahe. Yen dipikir kanthi nalar, ngombe tuwak dudu kalebu dolanan kang becik, apa dene samubarang kang beja. Mula ora nggumunake sawise mabuk, dheweke bisa ngomong sakerepe dhewe, lan ngajak taruhan kanthi menahi dhuwit rong atus ewu kampil marang Sambong Gentur manawa dheweke gelem ngombe tuwak rong goci.

4.2.3 Nyolong

Nyolong yaiku nindakake apa-apa kanthi dhedhemitan (Atmodjo, 1996:70). Kaya kang dumadi sajrone cerbung GN iki, Blandong Layapan dadi wong kapercayane Kinanthi lan Gemulung. Kakuwatan kang didarbeki digunakake kanggo ngusungi kayu-kayu colongan menyang cekar. Andharan kasebut bisa dideleng kanthi gegambaran pethikan analitik. Bisa diwawas pethikan ngisor iki kang gegayutan karo rerangken kedadeyan latar panggonan:

“Blandong Layapan dalah pengawale loro, sajake wis rada suwe ngenteni ana papan kono. Prentahe keprungu gandhang yen wong-wong rosa cacah wolung puluh iku kudu enggal nindakake pakaryan ngunggahake balok-balok kayu iku menyang cekar.” (GN No 25-22 Juni 1985, kaca 23)

Pethikan kasebut bisa dingerteni, yen Blandong Layapan lan kabeh sakancane bebarengan ngenteni prentah saka Gemulung ing Alastuwa, kanggo ngusungi balok-balok kayu asil tebangane kang sadurunge tanpa ana ijin luwih dhisik saka kamituwa Alastuwa.

4.2.3.1 Ladak Kecangkklak

Wong kang asipat angkuh utawa kemlungkung bakal nemahi cilaka kang dijajari saka polahe dhewe, iki kaibaratake kaya bebasan “*Ladak Kecangkklak*”. Blandong Layapan angkuh marang kekarepane. Blandong Layapan rumangsa disepelake banjur dheweke langsung mbabati Janurkuning. Nanging pungkasan dheweke malah nemahi cilaka saka polahe kasebut. Andharan kasebut bisa dideleng kanthi gegambaran pethikan dramatik. Bisa diwawas pethikan ngisor iki kang gegayutan karo rerangken kedadeyan latar pamaragan:

“Blandong Layapan mlumpat lan mbabat pawongan klambi putih iku. Ananging gaman mingis-mingis sing kumilat iku mbalik nunjem awake dhewe kanthi sampurna. Semono cepete pawongan klambi putih iku ngendhani lan

mbalekake serangan kanthi tuntas.” (GN No 32-10 Agustus 1985, kaca 21)

Pethikan kasebut bisa ditegesi, menawa Blandong Layapan kena karma saka polahe dhewe. Dheweke ora gelem ngakoni apa kaluputane, dalah ora gelem mertobat dadi wong kang luwih apik tumindake. Gamanne kang mingis-mingis darbeke dheweke pranyata mbalik nunjem awake dhewe kanthi sampurna. Lan pungkasan Blandhong Layapan nemahi tiwas.

4.2.4 Dagang Barang Ilegal

Ilegal yaiku samubarang kang asipat peteng ateges ora miturut paugeran utawa ora sah (Atmodjo, 1985:373). Selaras karo kedadeyan sajrone cerbung GN, Bandaragung kalebu pamarentah sugih alas, nduweni pirang-pirang puluh hektar alas. Saudagar Gemulung manfaatake kayu-kayu alastuwa kasebut kanggo kapentingan lan kabutuhane dhewe. Andharan kasebut bisa dideleng kanthi gegambaran pethikan dramatik. Bisa diwawas pethikan ngisor iki kang gegayutan karo rerangken kedadeyan pamaragan:

“Dina iki wis ana kabar saka Watudakon, yen balok balok jati sing disimpn ana Alastuwa wis cumawis kari nggawa. Mula Bendung dak prayogakake mandhegani rombongan cikar sing bakal ngusung kayu-kayu iku!” (PS. No. 24-15 Juni 1985, kaca 20)

Pethikan kasebut bisa ditegesi, menawa Saudagar Gemulung saliyane sesambungan mitra karo warga Nagalangu uga marang warga Watudakon. Tlatah Watudakon minangka tlatah kang luwih cedhak papane saka Alastuwa. Mula anane kalodhangan amba murih bisa nyolong kayu-kayu kasebut. Sabanjure asil kayu colongan didol menyang Kawah Mati dening Gemulung minangka saudagar.

4.2.4.1 Yiyidan Mungging Rampadan

Wong kang wiwitane tumindak durjana bisa owah dadi alim, kaibaratake kaya dene bebasan “*Yiyidan Mungging Rampadan*”. Bebasan iki saemper karo tumindake Kinanti. Sasuwene bebojowan karo Gemulung, Kinanthi bebarengan tumindak durjana. Saben dina nyambut gawene nyolong kayu-kayu jati kang mapan ing Alastuwa. Ora selawase wong wong ala iku bisa tumindak ala sateruse, wektu tumuju wektu, wusanane Kinanti kalah ing tengahing paprangan dikalahake dening Janurkuning. Andharan kasebut bisa dideleng kanthi gegambaran pethikan dramatik. Bisa diwawas pethikan ngisor iki kang gegayutan karo rerangken kedadeyan alur:

“Kanthi sempoyongan Kinanti nyedhaki, wusana Janurkuning dirangkul lan diarasi ana derese eluh lan getih kang padha mili bebarengan. Percayaa ndhuk, percayaa! Aku bakal ndadani kaluputanku! Wong tuwa sing kebak dosa!” (GN No 33-17 Agustus 1985, kaca 24)

Pethikan kasebut bisa dingerteni, menawa Kinanthi awit njaluk pangapuran marang Janurkuning, sasuwene kuwi dheweke ora bisa nguripi Janurkuning nganti dhiwasa, apa dene Kinanthi lan Gemulung sasuwene kuwi bebarengan tumindak luput. Tunggono luwih dhisik ngelingake Janurkuning yen Kinanthi kuwi ora liya ibu kang sejatine, sawise kedadeyan kasebut wusanane Kinanthi ngakoni apa kang dadi kaluputane lan dheweke netepi janji bakal ndadani kaluputane kasebut.

4.2.5 Rerebutan Kalungguhan

Kalungguhan yaiku pangkat utawa jabatan (Atmodjo, 1985:153). Rerebutan kalungguhan ing kene kaperang dadi loro, yaiku kanthi cara ngancem lan nyulik.

4.2.5.1 Rerebutan Kalungguhan Kanthi Cara Ngancem

Ngancem yaiku niat kanthi tujuwan nyilakani utawa nyusahake liyan (Atmodjo, 1985:40). Sajrone cerbung GN iki, Kemlungkung nggayuh kekarepane minangka lurah anyar nganggo cara licik yaiku kanthi cara sesambungan raket karo gerombolan Nagalangu. Sawise nggeser kalungguhane Lurah Tunggono, dheweke ngancem wargane amrih bisa ngrenggani lan gelem nampa dheweke minangka lurah anyar. Andharan kasebut bisa dideleng kanthi gegambaran pethikan dramatik. Bisa diwawas pethikan ngisor iki kang gegayutan karo rerangken kedadeyan pamaragan:

“Pungkasane! Welingku wanti-wanti marang sira kabeh. Poma dipoma aja nganti ngalang-alangi, aja nyaruwe lan mbangkring, marang apa kang dadi keputusan pemimpinpemimpin desa Karangputih! Sapa sing wani, sapa sing mbanggél, bakal entuk pidana abot, lan bisa uga mulih tanpa aran. Eling-elingen! Mula kanggo mahargya jaman anyar iki, ayo padha seneng-seneng, mangan enak, ngombe enak! Manggal ora susah rikuh pakewuh!” (GN No 26-29 Juni 1985, kaca 19)

Pethikan kasebut bisa ditegesi, yen Kemlungkung pancen kemlungkung utawa sombong. Sawise dadi lurah Karangputih ora mujudake pakarti kang patut dituladhani, nanging dheweke malah ngancem

kanthi ngetogake tetembungan kang anggegirisi. Kaya dene tetembungan “mulih tanpa aran” iki tegese dheweke weneh paukuman pati marang wong kang ora sarujuk apa dene mbanggél marang prentahe.

4.2.5.2 Rerebutan Kalungguhan Kanthi Cara Nyulik (panculikan)

Panculikan yaiku nyolong utawa minggatake wong (Atmodjo, 1996:297). Sajrone cerbung GN iki, Kemlungkung bisa kepenak nggeser kalungguhane Tunggono minangka Lurah ing wewengkone Karangputih. Kemlungkung lan gerombolan Nagalangu nggunakake cara licik kanggo ngrebut kakuwasan sajrone tlatah Karangputih. Sambong Gentur lan Tunggono pranyata disidhemake ing kunjara Balenagabandha, yaiku papan pakunjarane gerombolan Nagalangu kang dedunung ing Kawah Mati. Andharan kasebut bisa dideleng kanthi gegambaran pethikan analitik. Bisa diwawas pethikan ngisor iki kang gegayutan karo rerangken kedadeyan latar panggonan:

“Tunggono lan Gentur sing ana njero krangkeng iku mesem, lan sawise lawang krangkeng dibukak, wong papat iku padha rerangkul. “(GN No 31-3 Agustus 1985, kaca 23)

Pethikan kasebut bisa dingerteni, yen Tunggono lan Sambong Gentur dadi kurban panyulikane warga Nagalagu. Lelorone bareng didhelikake ing njerone kerangkeng Balenagabandha. Pethuke wong loro kasebut wiwit Pujotiti lan Janurkuning bebas mlaku-mlaku njlajah papan dununge Kawah Mati. wong wadon loro iku bisa kanthi bebas saka pangaribawane klambi khusus kanggo warga Nagalangu.

4.2.6 Korupsi

Korupsi yaiku sawijining tumindak kang ala, kaya dene panggelapan utawa nampa dhuwit saka wong liya (Poerwadarminta, 1985:524). Sajrone cerbung GN iki, paraga kang tumindak korupsi yaiku Sabil, Bingun lan Talang. Katelune warga Recabandha, Recabandha minangka papane wong-wong sugih bandha, ngaurip mung kanggo golek lan ngolehake bandha donya saakehakehe. Kamangka, Pujotiti lan Janurkuning didadekake sandra lan manfaatake kahanan njaluk ganti rugi arupa dhuwit. Andharan kasebut bisa dideleng kanthi gegambaran pethikan dramatik. Bisa diwawas pethikan ngisor iki kang gegayutan karo rerangken kedadeyan pamaragan:

“Kita kudu tansah eling, yen rencana awal kita sakawit iku golek dhuwit! Saiki wae sing kena didadekake dagangan lan bisa ngasilake kauntungan, kudu enggal digarap. Bingun ya

kudu ngerti yen kanggo ndandani lawang gapura loro lan asu rong puluh iku ora kurang saka rong atus ewu ringgit. Mula bener kandhane Sabil, yen kita kasil njaring pendhekar loro iku, teges kita isih duwe kauntungan rong atus ewu ringgit. Rak ya ngono ta Bil!” (GN No 28-13 Juli 1985, kaca 20)

Pethikan kasebut bisa dingerteni, menawa antarane Sabil, Bingun, lan Talang nyandar Pujotiti lan Janurkuning minangka tebusan kang mbakal digawa menyang Kawah Mati Gunung Gombal dipasarahake marang Pangeran Cepuk lan Ronggosan. Saliyane telung paraga kasebut, paraga Blandong Layapan, lan Salipan uga tumindak korupsi.

4.2.7 Mrawasa

Mrawasa yaiku tumindak kanthi ana unsur pamaksan (Poerwadarminta, 1985:741). Sajrone cerbung GN iki, mawrasa katindakake dening paraga Awuran. Dheweke lagi kepingin nglakoni saresmi karo wong wadon. Sasuwene kuwi dheweke adoh saka bojo lan simpenane, dene mangerteni ana wong wadon loro dheweke kepencut kepingin ngrasakake madune nanging kanthi cara meksa. Andharan kasebut bisa dideleng kanthi gegambaran pethikan analitik. Bisa diwawas pethikan ngisor iki kang gegayutan karo rerangken kedadeyan pamaragan:

“Wis pirang-pirang dina iki aku ngelak Pam! Oh ah ehm! Adoh bojo! Adoh simpenan!” (GN No 26-29 Juni 1985, kaca 20)

Pethikankasebut mratandhani menawa Awuran kena pangaribawa saka omben tuwak. Dheweke adoh bojo lan simpenan, awit sasuwene dadi bau tangane Saudagar Gemulung lan Kemlungkung wis suwe ora dilayani wong wadon. Nepaki Pujotiti lagi enak mangan, Awuran njupuk kalodhangan kasebut kanggo mrawasa Pujotiti saka mburi.

4.2.8 Nylundupake Candhu (Narkoba)

Candhu menehi pangaribawa kang ala tumrap awak, nanging akeh bebrayan kang remen mangan obat jinis iki. Kaya kang dumadi sajrone cerbung GN iki, paraga Sabil kalebu warga sugih bandha donya ing tlatah Recabandan. Sabil bisa sugih mblegedhu awit dagang candhu, banjur candhu-candhu kasebut diedol menyang Bandaragung kanthi cara diselundupake. Andharan kasebut bisa dideleng kanthi gegambaran pethikan analitik. Bisa diwawas pethikan ngisor iki kang gegayutan karo rerangken kedadeyan alur:

“Sabil sing lagi nyatheti cacache candhu sing bakal diselundhupake menyang kutha

Bandaragung iku bola-bali mesem, krungu gemontange gentha ing sela-selane jegog asu kang mawurahan.” (GN No 28-13 Juli 1985, kaca 19)

Pethikan kasebut bisa dingerteni, yen Sabil lagi nyatheti cacahé candhu kang rencanane arep diselundupake menyang kutha Bandragung. Sabil kagolong manungsa kang serakah, awit sakabehing samubarang direkadaya bisa ngasilake kauntungan tumrap dheweke. Dadi kayadene bab sadulur, kanca, apa dene tangga teparo yen ora ngasilake kauntungan bakal ora nduweni piguna.

4.3 Pamawase Bebrayan Agung Ngenani Kadurjanan Sajrone Kasunyatan Sosial

Pamawase bebrayan agung sajrone panliten iki kaperang dadi rong pamawas yaiku kapisan tumrap pamawase pangripta ngenani kadurjanan nalika ngripta cerbung *Geger Nusabiru* lan pamawase bebrayan ngenani kadurjanan sajrone kasunyatan sosial.

4.3.1 Pamawase Pangripta Nalika Ngripta Cerbung *Geger Nusabiru*

Darni (2002:6) ngandharake yen akeh karya-karyane Maryunani Purbaya ngemu tema kadurjanan, saliyané cerbung GN uga ana cerbung-cerbung liyané kang nyritakake babagan kadurjanan. Kaya dene cerbung kanthi irah-irahan *Ngluru Gempilane Katresnan*, cerbung iki panculikane wanita kang dadi tresna asihé Nariman. Nariman kang dadi paraga utama ing kene dipilara kanthi disuntik nganggo dosis kang dhuwur banget. Pangripta percaya marang sipat-sipate Nariman yen jujur lan luhur ing tembe burine bakal ngolehake kamulyan. Banjur paraga-paraga kang tumindak durjana ngolehake paukuman saka asil tumindake (Darni, 2002:8).

Cerbung *Kadurakan Gedhong Telu* nyritakake bab kadurjanan kang ditindakake dening Lik Ayu. Dheweke sawijining wanita kang tumindak nistha, ngajak lan meksa Panoriman kang dadi paraga utamane supaya gelem nglakoni saresmi karo dheweke. Nanging Panoriman kalebu pawongan kang diberkati cahya iman, dadi sipate ora bisa dikalahake marang bab durjana. Awit dheweke uga nylametake Bandar kang dadi rencana durjanane Lik Ayu (Darni, 2002:9).

Cerbung *Avin*, ing cerbung iki Sandariman kalebu paraga utama lan dadi sawijining paraga kang nduweni tugas kango mbranthas kadurjanan ngenani pangrusakan usaha angkutan Mayangsari. Paraga Grayak, Gragas, lan Sarkah minangka karyawane lan wong-wong kapercayane UD Mayangsari kang nduweni maksud ngrebut lan nguwasani usaha dagang kasebut. Karana

pamikir kang ora patiya pinter lan ora nduwe asal-usul kang cetha mula wekasane paraga-paraga kang tumindak durjana kasil melbu kunjara (Darni, 2002:10-11).

Cerbung *Leledhang ing Dalan Simpang*. Cerbung iki nyritakake paraga Sarokah minangka aparat pamarentah kang tumindakemalah gawe rugi rakyat lan nyimpang saka bab bebener. Paraga Madurasa kalebu penegak keadilan. Lan adhike Madurasa kanthi aran Madusiwi kalebu paraga wanita kang tumindak durjana kanthi nggayuh sakabehing cara kanggo mujudake pepenginané, salah sawijine yaiku wani marang bojone. Banjur paraga Neo Maksiya kalebu paraga kang tumindak maksiyat lan nistha utamane ing bab perbankan. Paraga Sarokah, Dermis Lunglungan, lan Baron Bordosa kalebu aparat pamarentah kang srakah kanthi nggunakake kalungguhane nggayuh lan nuruti kabeh pepenginané mung kanggo kapentingan pribadi (Darni, 2002:12-13).

Cerbung *Sesulih Sulaman Kembang Parangmenang* iki nyritakake bab durjana kanthi cara ngrampas lan mbabat wanita nggunakake cara kasar. Paraga durjana kaya dene Gobang, nuwuhake rasa cemburu karo Triman. Saliyané kuwi ana paraga Dermis uga seneng nrima dhuwit sogokan saka wong-wong kang nyewa pondhok susun kang uga dadi tanggung jawabe. Pangripta isih tetep nengenake babagan bandha, kuwasa, lan wanita kang cundhuk tumrap bab durjana. Lumantar kakuwasane, paraga Babilan Sarwagemet gelem nrima dhuwit suap utawa sogokan lan imbalan-imbalan liyané kangawujud wanita (Darni, 2002:14-17).

Saka kabeh cerita cerbung-cerbunge Maryunani Purbaya, panjenengane medharake paraga-paraga asipat ala padha nindakake kadurjanan. Kabeh paragane mujudake kaonaran, tumindak durjana, lan tumindak *imoral*. Miturut Darni nalika panjenengane nate wawan rembag klawan Maryunani Purbaya. Miturut seratane Darni (2002:18), yen sakabehing bab kang dumadi sajrone cerbung-cerbunge Maryunani Purbaya minangka kaca benggala lan kritik marang kahanane kang dumadi ing negara iki nalika reriptane kaserat. Mawas marang kahanan ing negara iki, kamangka Maryunani Purbaya medharake kedadeyane kasebut lumantar cerbung-cerbunge nggunakake *imajinatife*.

4.3.2 Pamawase Bebrayan Ngenani Kadurjanan Sajrone Kasunyatan Sosial

Kadurjanan kang ana sajrone cerbung Geger Nusabiru iki uga dumadi kasunyatané ing bebrayan nalika taun 1985.

4.4.1 Gegambarane Kadurjanan Sajrone Kasunyatan Bebrayan

Gegambarane kadurjanan kang kapisan yaiku tumindak durjana nyogok (suap). Bisa kawawas ing pethikan artikel warta daerah ngisor iki:

Bandung. Sopir-sopir kendharaan kesangkut kasus nyogok. Udakara wong 80 kang kesangkut kasus nyogok anggota Polri ing Operasi Zebra ing Cirebon durung suwe iki wis ditindak dening pihak Polwil kono. Sopir-sopir kendharaan umum iki, nalika kendharaane ketangkep padha mbudidaya nyogok dhuwit gedhene Rp 1.000 nganti Rp 2000 nanging dening petugas kepolisian jalan raya sogokan kasebut ora ditanggapi, malah langsung diajokake marang Pengadilan, laras karo tumindake kang nerak hukum. (PS, 1985:15)

Pethikan artikel kasebut nuduhake tindak durjana nyogok kang katindakake dening para sopir kendharaan umum marang sawijining Polri ing kutha Cirebon. Gegambarane kadurjanan liyane yaiku ngenani tumindak korupsi. Tumindak durjana iki dumadi ana ing sadhengah negara, salah sawijine kang kerep lan isih banget ngrembaka tumindak korupsi iki ana ing negara Indonesia. Pawarta iki bisa kawawas ing pethikan artikel ngisor iki:

Korupsi Rp 3 Milyar Ing Ditjen Bea Cukai.

Kurang ketate pengawasan saka pihak ndhuwuran, njalari dumadine korupsi kang gedhene Rp 3 milyar ing kalangane Direktorat Jenderal Bea lan Cukai. Wektu iki tilas Kepala Bagian Keuangan Ditjen BC Kmr lan saksi-saksi cacah wong 18 isih terus dipriksa dening pihak kang wajib. Dakwa Kmr ditangkep didakwa nindakake korupsi Rp 1.4 milyar. Asiling pamriksaan gabungan Kejaksaan lan BPKP ngungkapake manawa cacah dhuwit negara kang dikorupsi, kang sakawit dikira mung Rp 1,4 milyar jebul luwih, ora kurang saka Rp 3 milyar (PS, 1985:7).

Pethikan artikel kasebut nuduhake yen para kalangan Direktorat Jenderal Bea Cukai nindakake korupsi nganti ngrugekake negara, awit gunggunge ora sithik. Tindak durjana korupsi nganti saiki isih kelakon katindakake marang pejabat-pejabat dhuwur kang tamtune nduweni kakuwasan kang luwih. Bab iki bisa kawawas ing pethikan artikel ngisor iki:

Susno Duadji Pasrah Bongkokan.

Sawise kober dadi burone aparat Kejaksaan Agung seminggu suwene, mantan Kepala Badan Reserse Kriminal Polri, Komisaris Jenderal Susno Duadji wekasane pasrah. Terpidana kasus beselan PT Arowana Lestari iku mara dhewe menyang Kejaksaan Tinggi DKI Jakarta, Kemis tengah

wengi (2/5). Susno ora kabotan bengi kuwi uga dilebokake pakunjaran. Dheweke kober ngilang seminggu sasuwene, banjur ngrekam video ing youtube kanthi kandha yen dheweke manggon ana sakiwa tengene Bandung. (PS, 2013:5).

Pethikan artikel kasebut nuduhake yen Susno Duadji pasrah bongkokan lan gelem diceblosake menyang kunjara. Dheweke nyalahgunakake kalungguhane minangka pimpinan ketua partai Demokrat lan mantan Kabareskrim Mabes Polri kanthi tumindak korupsi. Tindak durjana korupsi iki uga ana sambung rapete karo tindak korupsi nyolong kayu jati peteng. Bab iki bisa kawawas ing pethikan pawarta ngisor:

Jerat Kadurjanan Alas karo UU Korupsi?
Menawa Bisa.

REPUBLIKA.CO.ID, JAKARTA –UU ngenani kebun utawa alas ora kuwat kanggo ngilangake pelanggaran kang dumadi. Miturut panliti Indonesia (ICW), Donal Fariz, Jakarta Pusat, Rabu (14/3) dibutuhake pangrekadaya kang gedhe kanggo nyekel tersangka kadurjanan ing sektor alas, yaiku kanthi nggunakake UU Tindak Pidana Korupsi.

Data taun 2011, kadurjanan ing bab alas wis ngancik 9,146 triliun, cacahé iki luwih akeh tinimbang taun 2009 kang mung 2,31 yuta hektar. Panyebab kang utama, UU ngenani alas isih nduweni akeh kakurangan. Kaya dene ora anane pangerten ngenani pangrusakan liar. Mula saka kuwi, menawa penganggane UU korupsi lan pangolahan dhuwit bisa digawe dening aparat panagak ukum. Miturut pamawase Donal, perkara ngenani idin lumrah dadi bab kang utama sajrone bisnis alas. Idin iki bisa metu lumrahe yen ana sogok utawa suap.

Panliti Indonesia yaiku Donal Fariz ngandharake yen sesambungan karo bisnis alas utawa perhutanan kuwi bab kang utama yaiku bisa apa ora ngolehake idin saka pihak kang nduweni wewenang luwih. Nanging luwih asringe, idin bisa diolehake nalika ana transaksi nyogok utawa suap marang wong kang weneh lan nampa dhuwit..

Saka andharan ing ndhuwur mau bisa kadudut, yen sajrone bebrayan kuwi pamujudane kadurjanan dirasa wis lumrah utawa wis dadi bab kang lumrah anane. Kaya kang dumadi ing bebrayan saiki, yen kadurjanan wis angel diilangake. Senajan ana wewenang saka pihak liya kang nduweni kuwajiban kanggo mbranthas kabeh wujud kadurjanan kasebut, nanging nganti jaman saiki kadurjanan isih ana, malah tansaya ngrembaka lan akeh nuwuhake maneka warna jinis gegambarane kadurjanan.

4.4 Pamawasing JagadNgenani Kadurjanan Sajrone Cerbung Geger Nusabiru anggitane Maryunani Purbaya

Pamawasing jagad ngenani kadurjanan sajrone cerbung GN iki bisa kaabiratake kaya bebasan “*Sapa Salah Bakal Seleh*”. Tegese wong kang tumindak luput pungkasan bakal kalah. Banjur wong kang tumindak luput kasebut wekasane ngolehake paukuman kang padha ganjarane karo tumindak durjanane. Bab iki uga dumadi sajrone cerbung GN, yen kabeh paragane kang tumindak durjana wekasane bisa kalah kanthi saben paragane ngolehake paukuman selaras karo tumindak durjana kang dilakoni. Paraga kang kena paukuman sajrone cerbung GN iki ora dipilara nanging luwih dhisik diwenahi pangerten lan tetembungan kang sareh kang kebak pitutur, nanging tumrap paraga kang mbangkang utawa isih kukuh marang kekarepane nindakake kadurjanan bakal oleh paukuman pati.

Kadurjanan sajrone cerbung GN iki bisa kadhudhah kabeh wewadine kanthi sampurna. Pamawasing jagad kanggo mbrastha sakabehing tumindak durjanane para paraga ing cerbung GN iki lumantar para paraga Pendhekar Pitu. Pamawasing jagad ngenani kadurjanan mujudake sawijining tumindak kang ora sarujuk. Sajrone cerbung *Geger Nusabiru* iki kanggo mbrastha gegambaran sakabehe kadurjanan kang ana bisa kasil kaleksanan lumantar pendhekar Janurkuning, Pujotiti, Tanjung Pamungkas, Sambong Gentur, Candhiwangi, Condrowati, lan kang kapungkaan yaiku Sentana.

D. PANUTUP

1. Dudutan

Saka andharan mau bisa kadudut, yen anane maneka warna gegambarane kadurjanan, yaiku nyogok, rajapati nalika kahanan eling lan rajapati nalika kahanan ora eling, nyolong, dagang barang ilegal, rerebutan kalungguhan kanthi cara ngancem lan rerebutan nyulik, banjur korupsi, mawrasa, lan nylundhupake candhu utawa narkoba.

Manut pamawase pangripta tumrap kadurjanan nalika ngripta cerbung GN yaiku kadurjanan bisa maujud dijalari saka telung perkara yaiku kakuwatan, bandha, lan kuwasa. Kabeh bab kang dumadi sajrone cerbung-cerbunge Maryunani Purbaya minangka kaca benggala lan kritik marang kahanane kang dumadi ing negara iki nalika lan kabeh reriptane kawedhar kanthi nggunakake *imajinatif*.

Pamawase bebrayan ngenani kadurjanan sajrone kasunyatan sosial, salah sawijining yaiku tindak kadurjanan korupsi, anane pawarta tumrap polahe para panguwasa yaiku nyolong kayu alas lan rerebutan kakuwasan kanthi cara nyogok, selaras karo kadurjanan

korupsi kang dumadi ing jaman saiki. Pungkasan pamawasing jagad ngenani kadurjanan sajrone cerbung GN kayata bebasan “*Sapa Salah Bakal Seleh*”, tegese sapa kang salah utawa luput wusanane bakal kalah. Kabeh paraga-paraga kang tumindak durjana sajrone cerbung GN iki wekasane kalah, saperangan ana kang nindakake tobat lan liyane ana kang nemahi patine.

2. Panyaruwe

Cerbung *Geger Nusabiru* anggitane Maryunani Purbaya iki ngandhut pesen kang becik tumrap kabeh pamaos. Pesen kang kinandhut kaajab bisa menehi tuladha lan panggulawentah kang becik. Lumantar panliten iki, uga kaajab bisa nyengkuyung pangrembakane sastra ing jagading kasustaran Jawa.

KAPUSTAKAN

- Aminudin. 2011. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo
- Arikunto, Suharsini. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metodologi Penelitian Sastra*. Surabaya: Universitas Negeri Surabaya
- Darni. 2002. *Kekhasan Ekspresi Maryunani Purbaya*. UNESA: Jurnal Ilmiah Prasasti
- Damono, Sapardi Djoko. 1993. *Novel Jawa Tahun 1950-an: Telaah Fungsi, Isi, dan Struktur*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- _____. 2001. *Ikhtisar Perkembangan Sastra Jawa Modern Periode Kemerdekaan*. Yogyakarta: Kalika
- Dirdjosisworo, Soedjono. 1984. *Ruang Lingkup Kriminologi*. Bandung: Remadja Karya CV
- Fanani, Zainudin. 2002. *Telaah Sastra*. Surakarta: Muhammadiyah University Press
- Faruk, DR. 1999. *Pengantar Sosiologi Sastra dan Strukturalisme Genetik sampai Post-Modernisme*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- _____. 2012. *Metode Penelitian Sastra Sebuah Penjelasan Awal*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kasusastran Jawa Modern*. Surabaya: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Indonesia
- Luxemmburg, Jan Van. dkk. 1992. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
- Najid, Moh. 2009. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press
- Nurdiyantoro, Burhan. 1995. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Purbaya, Maryunani. 1985. *Geger Nusabiru*. Surabaya: Panyebar Semangat

- Moleong, Lexy J. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Ratna, Kutha Nyoman. 2009. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Rosyidi, M. Ikhwan dkk. 2010. *Analisis Teks Sastra Mengungkap Makna, Estetika, dan Ideologi dalam Perspektif Teori Formula, Semiotika, Hermeneutika dan Strukturalisme Genetik*. Yogyakarta: Graha Ilmu
- Santoso, Wijaya Heru. 2010. *Pengantar Apresiasi Prosa*. Surakarta: Yuma Pressindo
- Soekanto, Soerjono. 1991. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta: CV Rajawali
- Sumardjo, Jakob. 1988. *Apresiasi Kasusastran*. Jakarta: PT Gramedia
- Sumijati, Prof. 2001. *Manusia dan Dinamika Budaya*. Yogyakarta: Bayu Indra Grafika
- Stanton, Robert. 2012. *Teori Fiksi Robert Stanton*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Teeuw, A. 1984. *Sastra & Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya-Grimukti Pasaka
- Teeuw, A. 1984. *Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya-Grimukti Pasaka
- Quinn, George. 1995. *Novel Berbahasa Jawa*. Semarang: IKIP Semarang Press
- Wellek, Rene dan Austin Werren. 1990. *Teori Kasusastran*. Jakarta: Gramedi
- Darni, Dr. Hum. 2012. *Kekhasan Ekspresi Maryunani Purbaya*.
http://darni.cv.unesa.ac.id/bank/201203/STILISTI_KA_FINAL.pdf. (Diakses dina Jumat tanggal 5 April 2013 jam 09.15)
- Rachman, Taufik. 2012. *9 Lokasi Penyelundupan Narkoba Semakin Meluas*.
<http://www.republika.co.id/berita/nasional/umum>. (Diakses dina Senin tanggal 29 April 2013 jam 13.00)
- Rakhmawaty. 2013. *Bs Sering Bertengkar Dengan Istrinya Gara-gara Nasi*.
<http://www.republika.co.id/berita/nasional/hukum>. (Diakses dina Senin tanggal 29 April 2013 jam 13.00)
- Sidari, Ray Pratama S.H. *Pengertian Kejahatan*.
<http://raypratama.blogspot.com>. (Diakses dina Jumat tanggal 12 April 2013 jam 10.20)
- Arianti, Suci. 2008. *Gonjang Ganjinge Bale Wisma Sajrone Cerbung Poyang-Payingan Anggitane Mbah Brintik (Tinthingan Strukturalisme Genetik)*. Surabaya: Unesa
- Nuriya, Anes. 2007. *Cerbung Kinosek Ing Lindhu Anggitane Suryadi WS (Tinthingan Strukturalisme Genetik)*. Surabaya: Unesa
- Widodo, Wahyu. 2006. *Singkar Reripatan Siti Aminah (Tinthingan Strukturalisme Genetik)*. Surabaya: Unesa
- Atmodjo, S Prawiro. 1996. *Bausastra Jawa*. Surabaya: Djojo Bojo
- Poerwadarminta, W.J.S. 1937. *Baoesastra Djawi*. Tokyo: PN Balai Pustaka
- Poerwadarminta, W.J.S. 1985. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: PN Balai Pustaka